## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 27-июльдеги 35-13-0-Q/21-санлы қарарын орынлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы "Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў жумысларын сапа жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5117-санлы ҳәмде 2021-жыл 19-марттағы "Физика тараўында билимлендириў сапасын асырыў ҳәм илимий излениўлерди раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5032-санлы қарарларын ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 27-июльдеги 35-13-0-Q/21-санлы қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 27-июльдеги 35-13-0-Q/21-санлы қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. **Жоқарыдағы атап өтилген қарар менен**:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, қала ҳәм район ҳәкимликлериниң қосымшаға муўапық улыўма орта билим бериў мектеплерин шет тиллери ҳәм физика пәнлерге қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеплерине айландырыў ҳаққындағы усынıслары мақулланғаны;

Шет тиллерине қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплери сыпатында қайта шөлкемлестирилетуғын мектеплер дизими **1-қосымшаға**;

Физика пәнине қәнигелестирилген таяныш мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплери сыпатында қайта шөлкемлестирилетуғын ҳәм физика пәни тереңлестирилип оқытылатуғын класлар шөлкемлестирилетуғын мектеплер дизими **2-қосымшаға** муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. **Барлық район (қала) лық халық билимлендириў бөлимлерине:**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 27-июльдеги 35-13-0-Q/21-санлы қарары тийкарында қосымшада көрсетилген улыўма орта билим бериў мектеплери оқыў жыллары кесиминде шет тиллерине, физика пәнине қәнигелестирилген таяныш ҳәмде физика пәни тереңлестирилип оқытылатуғын класлары бар қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплерине айландырылыўына байланыслы қайта номерлеў ҳәм белгиленген тәртипте уставларын, штат кестеси ҳәм қәрежетлер сметаларын қайта ислеп шығып, тастыйықлаў илажларын көриў;

жаңадан шөлкемлестирилип атырған қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплериниң талап дәрежесинде жумыс алып барыўын турақлы түрде қадағалаўға алыў;

жаңадан шөлкемлестирилип атырған қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплерин жаңа оқыў жылына таярлаў хәм материаллық-техникалық базасын беккемлеў, қәнигели кадрлар менен тәмийинлеў жумысларын алып барыў ўазыйпалары тапсырылсын.

**4. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М Асеметдинов) не:**

қала хәм район хәкимликлери менен биргеликте республикадағы барлық қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң талап дәрежесинде жумыс алып барылыўын турақлы қадағалаўға алыў ис-илажларын көриў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевке жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.
2021-жыл 02-Август
183 - санлы